# QARAQALPAQSTANDAǴÍ HÁZIRGI KÚNDEGI BELGILI ARǴÍMAQLAR

**Ametov Axmedjon,**
*QMU erkin izleniwshi*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19606947

***Annotation.*** *The Karakalpaks, like other peoples, have been fond of horses since ancient times. For this reason, they developed effective ways of breeding, raising, and using them. Not everyone was able to properly care for and train horses. Especially, horses that participated in traditional folk games had their own specialized caretakers. Many skilled individuals who were engaged in this profession emerged among our people. They were called seyis (horse trainers or caretakers).*

***Keywords:*** *Republic of Uzbekistan, Karakalpaks, Horses, Caretakers, horse trainers, Competitions, skilled people, long-distance racing*

***Annotaciya.*** *Qaraqalpaqlar da basqa xalıqlar sıyaqlı ázelden atqa mehir qoyǵan. Sol sebepli olardı kóbeytiw, tárbiyalaw hám olardan paydalanıwdıń nátiyjeli usılların islep shıqqan. Hámme de atlardı jaqsılap kútip, úyretiwge uqıplı emes edi. Ásirese, dástúriy xalıq oyınlarında qatnasqan atlardıń ózleriniń arnawlı baǵıwshıları bolǵan. Xalqımız arasında bul kásip penen shuǵıllanǵan kóplegen sheber insanlar jetisip shıqqan. Olar seyis dep atalǵan.*

***Tayanish sózler:*** *Ózbekstan Respublikası, qaraqalpaqlar, atlar, kútimshiler, at úyretiwshiler, jarıslar, sheber adamlar, uzaq aralıqqa shabıw.*

Ózbekstan Respublikası Ǵárezsizlikke eriskennen keyingi dáwir ishinde xalqımızdıń basıp ótken ótmish tariyxına, sonıń ishinde turmısımızdıń ajıralmas quramı esaplanǵan at oyınları tariyxın úyreniwge hár tárepleme kúshli dıqqat awdarıla basladı. Sebebi, at áyyemgi dáwirlerden baslap házirgi kúnge shekem xalqımız turmısında úlken áhmiyetke iye bolıp kelmekte. At turmısta tek adamǵa dos, kólik yamasa azıq-awqat ónimi bolıp qalmastan, insannıń salamatlıǵın jaqsılawǵa da óziniń úlesin qosatuǵınlıǵı belgili bolmaqta. Atlarǵa ata-babalarımız insanǵa qanday itibar menen qaraǵan bolsa, sonday úlken mehir menen tárbiya bergen. Insannıń dostı hám qol-qanatı bolǵan olardı ardaqlap, kútimin berip mingen. At mingen adam jolda qalmaydı. At oyınları menen shuǵıllanǵan insan bárqulla salamat boladı dep esaplaǵan. Xalqımızda «At – jigittiń muradı», «Eshek jıǵıltsa tuyaǵın, at jıǵıltsa jalın tóseydi», – degen danalıq gápler bar. Sonıń ushın ǵárezsizlik jıllarında usı taraw oyınlarına da kewil awdarılmaqta. Bunıń ushın attıń hárqıylı sırlı táreplerin biletuǵın tájiriybeli insanlardıń bilimi zárúr esaplanadı.

Qaraqalpaqlar da basqa xalıqlar sıyaqlı, erteden atqa qumar xalıq bolǵanlıǵı sebepli, olardı ósirip kóbeytiw hám paydalanıwdı jaqsı jolǵa qoyǵan. Atlardı hár kim baǵıp jetistiriwdi epley almaǵan. Ásirese, atqa baylanıslı xalıq oyınlarına qatnasatuǵın atlardıń óz aldına baǵarmanı bolǵan.Bul kásip penen shuǵıllanatuǵın arnawlı adamlar xalqımız arasınan kóplep jetilisip shıqqan. Olardı seyisler dep ataǵan. Xalıq arasında keyingi jıllarda «Tumarlı»,«Begler beginiń tarlanı», Xiywa xanı báygisi sınǵa alǵan «Kók at», 1960-jıllarda «Qula qasqa» sıyaqlı asa júyrik atlar

jetilisip shıqqan. 1960-jılları Aspantay tárepten «Jollıbay qasqa», Sharap maqsımnıń «Kók jal» atı, «Izen qasqa» , Alım «Kók» atınday júyriklerdiń teńlesi bolmaǵan. Sonday-aq, Qudiyar, Ayǵazı, Aytbay, Sáteke, Arazgeldi, Tórebay, Sársenbay, Zarapatdin, Kóbey seyislerdiń hawazası putkil Oraylıq Aziyaǵa jayılǵan. [1]

Qaraqalpaqstandaǵı usınday at oyınları menen belgili shańaraqlardıń biri, shabandoz hám seyis Alım seyis bolıp, ol kópke tanılǵan. Ol haqqında jazılǵan kitaptaǵı pikirler boyınsha hadal adamnıń atı ozıp, tonı tozbaǵan. Seyislikte kórgenińnen kórmegenińdi, bilgenińnen bilmegenińdi artıqqa sana. Atıń bolsa er-turman, shabılatuǵın maydan tabılar. Júyrigiń kelisken menen babına túspese, babın tapsań atıń ılayıq bolmasa sol qıyın. Zinharlap aytarım, shaǵına jetkermey at shappa, janına hazar berseń miynetińdi, bergen duzıńdı aqlamaydı. Seyislikti tuyaǵınan da bekkem, qus uyqılı, ıssıǵa kúyip, suwıǵına tońǵan, jansebil adamlar ǵana kelistiredi. Onan keyingi áwladlar ishinde Qaraqalpaqstan at sportın rawajlandırıwǵa úles qosqanlar Shomanaydan Arazgeldi seyis, Qaraózekten Shalabay xoja, Baqıt Ibragimov JBI Nókis qalası, «Shańaraq» Baxıt, Qanlıkólden Rustem sud, Bozatawdan Saytbekov Aqnazar maqsımdı atqa qızıǵıwshı orta áwlad wakilleri júda jaqsı tanıydı. [2]

«Ózbekstan at sportı sheberi» ataǵın alıwǵa miyasar bolǵan belgili shabandoz Zarapatdin Zaytov bolıp tabıladı. Ol 1961- jılı Nókis rayonı «Baqanshaqlı» elatı «Shúyit» awılında Sharapatdin seyistiń shańaraǵında dúnyaǵa kelgen. Zarapatdin jeti-segiz jasında kishigirim toplımǵa 1-3 aylawǵa at shapqan.

Ayrıqsha atap ótiw orınlı, Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtıń baslaması menen 2017-jıldan baslap hár jılı dekabr ayınıń ekinshi ekshembisi elimizde awıl xojalıǵı xızmetkerleri kúni sıpatında keń túrde belgilenip kelinbekte.Tarawǵa qaratılıp atırǵan ayrıqsha itibar diyqanlarımız benen fermerlerimizge, awıl xalqına ayrıqsha kúsh-jiger baǵıshlap kelmekte. [3]

Usı bayram saltanatında albette at oyınlarıda ótkeriledi. 2018-jıldıń 11-dekabr kúni Nókis qalasınıń arqa tárepindegi Atshabar maydanında at shabar tamashası bolıp ótti. Ásirese, on aylawǵa at shabısı bársheniń dıqqat itibarında boldı. Báygige birinshi bolıp kelgen Qaraózek rayonınan belgili seyis Shalabay Nurımovtıń aqlıǵı, Aysulıw Shalabaevanı tamashagóyler uzaq dawam etken qol shappatlawlar menen kútip aldı. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı M.Erniyazov jeńimpaz qızǵa bas bayraq «Cobalt» avtomashinasın saltanatlı jaǵdayda tapsırdı.[4]

2023-jıldıń 10-dekabr kúni Nókis qalasınıń arqa tárepindegi Atshabar maydanında Awıl xojalıǵı xızmetkerleri kúnine baǵıshlanıp saltanatlı bayram tamashaları boldı. Ilajdıń ashılıw saltanatında Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı Amanbay Orınbaev shıǵıp sóylep, jıynalǵanlardı awıl xojalıǵı xızmetkerleri kúni bayramı menen qutlıqladı. Sol kúngi at sportı oyınlarında bir, eki (jorǵa), bes, jeti, on úsh aylawǵa atlar jiberildi. On úsh aylawǵa at shabısı bársheniń dıqqat itibarında bolıp, báygige birinshi bolıp kelgen Baxıt Ibraimovtıń atı bas bayraqtı qolǵa kirgizdi. Oǵan Prezidentimizdiń sawǵası 40 mln. sum pullay sıylıq tapsırıldı.

2024-jıldıń 15-dekabr kúni Atshabar maydanında ótkerilgen awıl xojalıǵı xızmetkerleri kúnine baǵıshlanıp saltanatlı bayram tamashasında on aylawǵa at shabısı jarısı bársheniń dıqqat itibarında bolıp, báygige birinshi bolıp kelgen Kegeyliden Abdirazaxov Maxsuttıń «Qara qız» laqaplı atı bas bayraqtı qolǵa kirgizdi. Oǵan Prezidentimizdiń sawǵası «Oniks» avtomashinası tapsırıldı. Ekinshi orın Shomanaydan «Talant» Barlıqbay maqsım Dawletovtıń atı, 3-orın Abdirasheytov Abdiǵaniy maqsım «Qaraqum» laqablı atları ullı aylawda baygili boldı. [5]

2025-jıldıń 21-dekabr kúni Atshabar maydanında ótkerilgen awıl xojalıǵı xızmetkerleri kúnine baǵıshlanǵan zuraat bayramındaǵı at shabarda 1-orındı Sarsen Talasovtın «Aynalayın» Moynaq rayonı, 2-orın «Viktor» Salamat Seytmuratov Nókis rayonı, 3-orın Abdirasheytov Abdiǵaniy maqsım «Baǵdaxan» Qanlıkól rayonı iyeledi.

Bugingi kúnde ullı aylawlarda jaqsı shawıp,toylarda bayraq alıp turǵan atlar ishinde Qanlıkólden Abdirasheytov Abdiǵaniy maqsım «Baǵdaxan», «Bir pariy», Sarsen Talasov Moynaq rayonınan «Aynalayın», Kegeyliden Abdirazakov Maqsud «Qaraqız», Utemuratov Mustafa «Leroyd», Qanlıkólden Abılla maqsım «Trekstar», Nókis rayonı Salamat Seytmuratov «Viktor» laqablı júyrikleri esaplanadı.

Bugingi kúnde Qaraqalpaqstanda bayram-seyillerde,toylarda jaqsı óner kórsetip jolǵa shawıp turǵan baygi atların ham olardıń iyelerin kórsetip ótemiz.

1. «Aynalayın» -Sarsen Talasov, Moynaq rayonı
2. «Baǵdaxan» -Abdiǵaniy Abdirasheytov, Qanlıkól rayonı
3. «Shalqar» - Dilmuxan Mırzabaev (Dima), Shomanay rayonı
4. «San Marino» - Hamza Abdijaliev, Shımbay rayonı
5. «Juldız» - Maxmud Elliqala rayonı
6. «Shańtimes» - Baqıt Ibragimov JBI Nókis qalası
7. «Tigr» - Tajibaev Ańsatbay, Nókis rayonı
8. «Tulpar torı» -Shalabay xoja Nurımov, Qaraózek rayonı
9. «Shımshıq qara» -Mirzek Paraxat, Shımbay rayonı
10. «Trekstar» - Sdikov Abdulla maqsım Qanlıkól rayonı
11. «Baydaq» -Arazgeldi Qılıchnazarov, Shomanay rayonı
12. «Doskúreń» - Nurimov Dinxoja, Qaraózek rayonı
13. «Baqıt torı» - Sabır seyis, Kelteminar Tórtkul rayonı
14. «Murager» - Qoblanov Janzaq Moynaq rayonı
15. «Baqtorı» - Qoblanov Janzaq Moynaq rayonı
16. «Ferrari torı» - Sabır seys Kelteminar Tórtkul rayonı
17. «Viktor» - Seytmuratov Salamat Nókis rayonı
18. «Nesibe» -Serikbay Qanat, Qaraózek rayonı
19. «Qarabatır» - Shalabay xoja Nurımov, Qaraózek rayonı
20. «Dubay» - Óser Maxset, Shımbay rayonı
21. «Kayana» - Tajibaev Ańsatbay, Nókis rayonı
22. «Bir pariy» - Abdiǵaniy Abdirasheytov, Qanlıkól rayonı
23. «Admiral» - Hamza Abdijaliev, Shımbay rayonı

24. «Qarabatır» -Saparov Baqıt « Shańaraq», Nókis kalası
25. «Xurma» - Arazgeldi Qılıchnazarov Shomanay rayonı
26. «Qara qız» - Abdirazakov Maqsud Kegeyli rayonı
27. «Bezmirnıy» - Sarsen Talasov Moynaq rayonı
28. «Izabel» -Baqıt Shańaraq Nókis qalası
29. «Asparxan» - Dilmuxan Mırzabaev (Dima) Shomanay rayonı
30. «Sekret» - Uzaqbaev Kanalbay Kegeyli rayonı
31. «VMB» - Reymov Orazbay Kegeyli rayonı
32. «Quyın qara» - Bawırjan Qaraózek rayonı
33. «Leroyd» - Mustafa Utemuratov, Kegeyli rayonı
34. «Talant» - Barlıqbay Dawletov, Shomanay rayonı
35. «Kók moynaq» - Ulıqpanov Ondasın, Moynaq rayonı
36. «Adal» - Nurbay Karaqulov Qonırat rayonı
37. «Vertolyot» -Amantay, Xojeli rayonı
38. «Tuz» - Hamza Abdijaliev Shımbay rayonı
39. «Trassa» - Aman Jumabaev Qanlıkól rayonı
40. «Aq baqay» - Jubaydulla Tórtkul rayonı
41. «Alaw» - Kenjetaev Jetkerbay Qońırat rayonı
42. «Bayara» -Raxat Tórtkul rayonı
43. «Erke torı» -Dariyabay Ustirt Qońırat rayonı
44. «Qabaq qara» - Kenjetaev Jetkerbay Qońırat rayonı
45. «Aq qoyan» - Pirimjar Ellikala rayonı
46. «Juldız» - Aldamurat Ellikala rayonı
47. «Qara kók» - Zarapaddin maqsım, Nókis rayonı
48. «Kójelek kók» - Shımbay rayonı
49. «Sharjaubay kúreń» - Porlıtaw, Moynaq, rayonı
50. «Abroy» - Maxmud Ellikala rayonı [5]

Sońǵı jılları Qaraqalpaqstanda at sportın rawajlandırıwǵa úlken itibar berildi. Sózimiz dáliyli retinde Shımbay rayonındaǵı jańadan salınıp atırǵan at sportı maydanshasın kórsetip ótsek boladı. Hár bir bayramda atlar jarısı, yaǵnıy jorǵa súriw, jolǵa jiberiw, kókpar-ılaq oyınları ótkerilip atır. Sonlıqtan, aldaǵı waqıtlarda tariyxıy dereklerdi, ádebiy hám ilimiy ádebiyatlardı, xalıq awzında ápsanaǵa aylanǵan dóretpelerdi jıynaw hám úyreniw arqalı ǵalaba xabar qurallarında olardı úgit-násiyatlap barıw bolajaq tariyxshılar aldındaǵı ádiwli wazıypalardıń biri dep esaplaymız.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Ótewliev Ó. Alım kók. – Nókis: «Bilim», 2004. – B. 87.
2. Saytbekov Aqnazar Tilewnazar ulı maǵlıwmatları. Bozataw rayonı. //A.Ametovtıń dala jazıwları. 2025-jıl. 23-avgust
3. «Ózbekstan Respublikası Awıl xojalıǵı xızmetkerleri kúnin belgilew haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamı. 2017-jıl 25-avgust
4. WRQ-438. https://lex.uz/docs/3318060

5. Qudiyarov A.R. h.t.b. Qaraqalpaqstanda at oyınları tariyxı. (Monografiya). – Nókis: «Avangard-baspa», 2025. – B. 100.
6. Abdirasheytov Abdiǵaniy Maxambetsalievich maǵlıwmatları. Qanlıkól rayonı. //A.Ametovtıń dala jazıwları. 2026-jıl. 28-fevral
7. Shatanov Abiltay Adilbay ulı maǵlıwmatları. Qaraózek rayonı.
8. //A.Ametovtıń dala jazıwları. 2026-jıl. 14-mart